

LAJAN LWAYE OU BAY KÒM DEPO SEKIRITE



Legal Services of Greater Miami, Inc.

Projé Sou Dwa Lokaté

Renters' Education and Advocacy Legal Lines (REAL)

<https://sites.google.com/site/reallsgmi>

www.lsgmi.org

KISA YON DEPO POU SEKIRITE YE?

Yon depo pou sekirite se yon lajan yon lokatè peye pwopriyetè a pou pwoteje pwopriyetè a si lokatè a demenaje anvan lè, oubyen si lokatè a andomaje kay la. Peman lwaye dènye mwa a ka konsidere tankou kòm yon pati nan depo pou sekirite a nan kèk sikonstans. Ou dwe li kontra fèm kay ou a pou wè si lwaye pre-peye se yon pati nan depo pou sekirite a.

ANVAN OU DEMAENAJE ALE ABITE NAN YON KAY

Anvan ou peye depo sekirite ou a, ou dwe fè bagay sa yo:

- Si ou siyen yon kontra, asire w li refleto sòm lajan depo epi kibò pwopriyetè a kenbe lajan depo a.
- Ou pa te dwe peye depo pou sekirite a si ou poko sèten ke ou te ranpli tout kondisyon pou respekte pou w ka lwe kay la, oubyen si ou poko ekri asirans ke y ap remèt ou lajan an nan ka kote ou pa ale nan kay la.
- Si ou peye yon depo sekirite anvan ou antre nan kay la epi fè tout lòt bagay kontra a mande, epi pwopriyetè toujou pa kite w antre nan kay la, ou ka pouswiv li nan Tribinal ki regle koze pou ti reklamasyon piti yo, san avoka, si domaj ou yo pa depase \$5,000 pran yon resi.

KOUMAN M KA REJWENN LAJA MWEN BAY KÒM DEPO SEKIRITE A LÈ KONTRA FÈM KAY LA FINI?

ETAP 1 - Anonse Pwopriyetè w la ke ou gen entansyon demenaje

- Si ou genyen yon kontra ekri, li ka genyen pwovizyon ki mande w pou anonse pwopriyetè sou plan ou genyen pou w demenaje lè kontra a fini. Ou dwe swiv rekòmandasyon preyavi a ki nan kontra ou a, sinon pwopriyetè a pa oblije pou l retounen w depo sekirite a .

ETAP 2 - Mande pou yo Remet ou Lajan ou te bay kom Depo Sekirite a

- Itilize fòm ki nan ti liv sa epi kenbe yon kopi pou dosye ou.

Avi: Asire w pou pran foto kay vid la anvan ou bay pwopriyetè a kle yo pou ka gen prèv sou kondisyon apatman an pandan w ap kite l la. Ou dwe genyen yon temwen tou pou enspekte kay la. Sa ap itil ou anpil si toutfw pwopriyetè a eseye mete plis chay sou do w sou domaj ki pat la pandan ou t ap kite kay la.

- Si ou pa gen yon kontra ekri, oubyen kontra a pa di anyen, ansuit omwen 7 jou anvan ou demenaje, ou dwe voye yon lèt bay pwopriyetè a pa la pòs oubyen bay li nan men, eksplike adrès la kote pwopriyetè a ka voye depo a. kenbe yon kopi lèt la. Ou dwe voye lèt la sètifye pa la pòs, retounen resepses nesèsè a. ou dwe voye yon kopi lèt la tou pa la pòs nòminal nan ka pwopriyetè w la pa siyen pou lèt sètifye a.

ETAP 3 - Devwa pwopriyetè a pou l remèt Lajan Depo Sekirite a

- Pwopriyetè ou a gen 15 jou aprè ou fin demenaje pou l remèt ou tout lajan depo sekirite a.

Si pwopriyetè w la planifye pou l kenbe tout lajan depo sekirite w la, li dwe voye ba ou yon preavi ekri nan mwens pase 30 jou aprè ou fin demenaje, pou eksplike w plan l pou l kenbe tout oubyen yon pati nan depo sekirite w la epi pou ki rezon l ap fè sa. Li dwe sèlman voye ba ou yon preavi ekri si ou te eksplike l ki kote pou l voye lajan depo pa la pòs

ETAP 4 - ou Pa Dakò a Plan Pwopriyetè w la pou l kenbe Lajan Depo Sekirite w la

- Si pwopriyetè w la voye yon preyavi ba ou pou l di ou ke l ap planifye pou l kenbe tout oubyen yon pati nan depo sekirite w la, ou gen 15 jou aprè ou resevwa lèt preyavi a pou diskite kèlkelanswa chay la
- Ou dwe voye lèt ou pou w fè konnen ke ou pa dakò ak chay yo pa la pòs, lèt sètifye, retounen resepses ki nesèsè a. ou dwe kenbe tou yon kopi lèt la pou dosye w.

ETAP 5 - Asiyen Pwopriyetè ou a

- Si pwopriyetè w la pap remèt ou lajan depo a, ou dwe depoze yon pwochè nan tribinal ki la pou regle koze ti reklamasyon piti yo pou w jwenn depo a .

ÈSKE MWEN KAB REJWENN LAJAN DEPO SEKIRITE MWEN SI M PA FÈ TOUT BAGAY KE KONTRA FÈM KAY LA MANDE A?

Si ou pa fè sa kontra a mande a, pwopriyetè a ka eseye kenbe tout oubyen yon pati nan lajan depo sekirite ou a. Rezon ki fè yon pwopriyetè ka kenbe lajan depo sekirite ou genyen ladan: domaj ou fè ak kay la ki plis pase domaj itilizasyon ki òdinè, ou kite kay la anvan kontra ou a fini oubyen san ou pa bay bon preavi, oubyen ou dwe pwopriyetè w la lwaye



Legal Services of Greater Miami, Inc.

Biro Prensipal

3000 Biscayne Boulevard, Swit 500
Miami, FL 33137
Telefòn-n: (305) 576-0080
TTD: (305) 573-1578

South Dade

11285 SW 211 Street, Suite 302
Miami, Florida 33189
Telefòn-n: (305) 576-0080
TTD: (305) 573-1578

Monroe County

Telefòn-n: (877) 715-7464
TTD: (877) 715-7461

Passionately Committed to Equal Justice

Se Legal Services of Greater Miami, Inc. ki prepare dokiman sa yo e dokiman sa yo pa gen dwa repwodui oswa distribye pazavan LSGMI bay yon otorizasyon a lekri.

LETTER REQUESTING RETURN OF SECURITY DEPOSIT

Date: _____

Landlord's Name

Landlord's Address

RE: Request to Return Security Deposit

Dear _____:

Please send my security deposit to:

This request is made pursuant to Florida Statute §83.49.

Sincerely,

Signature

Print Name

Telephone